



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU AKSIDAN FÒMASYON AN NAN WEST POINT

"Kè mwen chagren pou tout sila yo ki enplike nan aksidan fòmasyon trajik la nan West Point maten an. Kadè ak solda kouraje sa yo reprezante pi meyè yo nan Eta New York ak nan peyi nou an, epi nou dwe yo yon dèt rekonesans pou kouraj yo nan chwazi sèvi nou an epi pwoteje libète yo. Ensidan sa a pi boulvèsan ankò tandiske nou ap komemore 75yèm anivèsè Jou J (D-Day) a jodi a, yon jou kote nou ap sonje sila yo ki te bay lavi yo pou peyi nou an.

Mwen rekonesan ak premye sekouris yo ki sou sèn lan konye a epi mwen ap bay Biwo Jesyon Ijans Eta a (State Office of Emergency Management) enstriksyon pou bay nenpòt resous ki nesèsè pou asiste.

Nan non tout Nouyòkè yo, mwen ap priye pou yon retablisman byen vit pou sila yo ki enplike epi nou ap pataje tristès pwòch yo ap eksperimante pandan moman difisil sa a".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)